



Rapò Anyèl 2023



Kontni yo

Misyon & Vizyon	1
Lèt Byenveni	2
Plan Estratejik	3
Deskripsyon Pwogram lan	4
Kolektivite ki Asosye	5
Enpak Nou	8
Istwa Kolektif	10
Sansibilizasyon	14
TGH Nan Medya	16
Finans	18
Patnè Nou Yo	20



"Pi bèl bagay ki genyen ansanm ak TGH se aprann fason pou itilize yon òdinatè ak plis konfyans epi santi mwen genyen konfyans nan tèt mwen antanke yon moun."

–Asia, Yon Diplome nan TGH





MISYON NOU

Redui eka dijital lan.

VIZYON NOU

Tech Goes Home la pou eradike inegalite dijital lan. Nou panse pwoblèm sa a kapab rezoud lè nou mobilize pouvwa kominote yo genyen nan yo an.

Egalite Dijital

Nan fason Alyans Nasyonal Enklizyon Dijital (National Digital Inclusion Alliance, NDIA) defini sa, “Egalite dijital se yon sitiyasyon kote tout moun ak kominote yo gen kapasite nan kesyon teknoloji enfòmasyon ki nesèsè pou yo patisipe totalman nan sosyete nou an, demokrasi ak ekonomi nou an. Egalite dijital enpòtan pou patisipasyon sivik ak kiltirèl, travay, aprantisaj pandan tout lavi, epi gen aksè ak sèvis enpòtan yo.”

Lèt Byenveni CEO an

Chè Zanmi yo,

2023 an se te yon ane rekò nan Tech Goes Home. Nou te rive jwenn plis fanmi pase tout tan nan pwogram enklizyon dijital konplè – distribye plis pase 5,000 aparèy dijital, konekte plizyè milye ak entènèt, elaji aksè pou moun ak fanmi atravè Commonwealth la atravè fòmasyon pratik ak entegre plis pase 70 nouvo òganizasyon patnè.

Nou te kolekte yon sòm enkwayab ki se \$9.4M nan men patnè piblik ak prive ki angaje nan avanse enklizyon dijital atravè eta a. Patnè tankou Massachusetts Broadband Institute (MBI), New England Patriots Foundation, The Devonshire Foundation, Liberty Mutual Foundation, Beth Israel Deaconess Medical Center, ak Cummings Foundation te bay nou anpil gwo kado pou plizyè ane. Anplis, nouvo sipòtè tankou CVS Health Foundation ak 'Quin Impact Fund' te rejwenn nou, ki te kolekte prèske yon milyon dola nan men nouvo donatè ane sa a.

Anplis nou kontinye elaji travay pwogram nou an, nou apwofondi jefò sansibilizasyon nou yo. Nou te angaje nan diskisyon enpòtan ak plis pase 25 dirijan yo te vote pou ijans nan enklizyon dijital ak inegalite sistemik yo nan rasin divizyon dijital la. Pandan n ap ankouraje dyalòg ak aktè politik kle yo, nou te abòde defi imedya epi mete baz pou transfòmasyon sistemik dirab ki ankouraje enklizyon dijital.

Reyalizasyon ane sa a yo chita sou yon istwa inovasyon ak yon fondasyon solid nan sipò kominote a, ki pozisyon TGH genyen pou atake objektif enpòtan ki dekri nan nouvo plan estratejik nou an. Plan an, ki devwale nan sezon otòn pase a, dekri kat (4) objektif enpòtan pou dis ane kap vini yo jan sa dekri nan paj adjasan a. Pandan nou lanse nou nan vwayaj sa a, sipò ou ap kontinye ba nou se bonjan fòs ki dèyè enpak nou an. Ansanm, nou pral inovè, defann, ak kolabore pou asire chak moun gen zouti, aksè, ak sipò pou pwogrese nan mond dijital la. Ansanm nou pral redui eka dijital lan.

Bòn chans,



Dan Noyes
Direktè Jeneral
Tech Goes Home

Plan Estratejik

Pandan ane 2023 an, TGH anbake nan yon pwosesis planifikasyon estratejik. Pwosesis sa a ki gen bonjan kolaborasyon an te enplike konsèy nou an, enstriktè, elèv k ap aprann, ak yon komite devwe anplwaye ki soti nan divès nivo ekip nou an. Lè nou entegre objektif ak opinyon anplwaye yo nan tout nivo, nou te asire planifikasyon estratejik nou an te non sèlman pi konplè, epitou, pou li vrèman reflekte vizyon ak objektif kolektif òganizasyon nou an.

Nou kontan anpil pou pataje nouvo plan estratejik nou an, yon kalandriye dis (10) lane ki separe priyorite yo, pou pi byen konstwi yon enfrastrikti ki kapab pwogrese, responsab, ak dirab. Nou idantifye kat (4) priyorite ki pral mete estrikti ak gide travay nou alavni:



PRIYORITE 1: AKSÈ

Bay aparèy, entènèt, ak


fòmasyon sou konpetans dijital pou yon milyon moun nan mitan etidyan k ap aprann nan zòn iben ki pi majinalize epi ki gen plis eksklizyon anvan 2034.



PRIYORITE 3: POLITIK

Enfliyanse dirèkteman oswa

kontribye nan adopsyon 50 politik ki elimine inegalite nan rasin divizyon dijital la.



PRIYORITE 2: PATENARYA

Elaji pòte nou genyen pou ale pi

lwen pase yon milyon elèv TGH pou konekte 5 milyon moun majinalize epi ekskli sou plan dijital nan rezo elèv yo ak sèvis enpòtan nan men patnè TGH.




PRIYORITE 4: KILTI

Kreye pou gen ekselans

fonksyonèl, lidèchip transfòmasyon, ak yon DBIE, kilti ki santre sou kominote a ki ankouraje inovasyon ak kreyativite lè yo ogmante kontak ak enpak.

Pou plis enfòmasyon, ale sou: <https://shorturl.at/sj5uD>

Deskripsyon Pwogram la



Kou aprantisaj endepandan pou granmoun:

Kominote: Konpetans dijital fondamantal pou plizyè nivo eksperyans ak sijè kou tankou, rechèch travay, konesans sou finans, kominike ak zanmi ak fanmi, aksè nan avantaj piblik, ak jwenn pwogram edikasyon, ak plis ankò.

Ti Biznis: Fòmasyon sou konpetans dijital ki modifiye pou pwopriyetè ti biznis lokal yo, mikwo-antreprenè, ak moun ki enterese kòmanse yon antrepriz oswa san bi likratif.


Kou fòmasyon plizyè jenerasyon pou fanmi yo:

Timoun piti : Yo fè li pou paran/responsab swen an ak timoun piti yo ki gen 3-6 lane, pwogram sa a kreye sou aplikasyon edikasyonèl ak aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki konsantre sou langaj avan lè, alfabetizasyon, ak devlopman konpetans STEAM.

Lekòl Li fèt pou elèv ki nan klas 1-12yèm ane, epi li ankouraje paran yo lè li bay elèv la ak responsab swen an ansanm ak granmoun yo yon opòtinite pou aprann ansanm pou navige nan aplikasyon pou travay, lekòl, ak jwe, ak resous pou fanmi yo ak sipò akademik.

Kolektivite ki Asosye

TGH kontan anpil pou sèvi elèv k ap aprann nou yo atravè zòn sèvis elaji Massachusetts yo. N ap remèsye patnè nou yo ansanm ak enstriktè nou yo pou devouman yo.



"Patenarya ansanm ak òganizasyon kominotè yo se yon bon bagay, mwen kapab mache pou mwen ale nan kou. Enstriktè an genyen bonjan resous ak èd aprantisaj epi te toujou kontan pou anseye. Se yon trè bèl eksperyans."

-Deidra

Lokal Patnè yo

Boston

ABCD East Boston APAC
ABCD First Steps
ABCD South End NSC
ABCD South Side Head Start
ABCD Youth Services
BCYF Jackson Mann Community Center
BCYF Jackson Mann Community Center
BCYF Jackson Mann Community Center
BCYF Ohrenberger Community Center
BCYF Roslindale Community Center
BHA Resident Self-Sufficiency Program*
BEST Hospitality Training*
Lekòl Primè Beethoven
Boston HERC
Boston Senior Home Care*
Boston Teachers Union Paraprofessionals
Brazilian Worker Center
BPL Mattapan Library
BPS Adult Learning Center
BPS Parent University Technology Center
Building Pathways Boston
Catholic Charities, El Centro del Cardenal*
Catholic Charities, Laboure Center Adult Education*
Center for Cooperative Development and Solidarity
Codman Square NDC
Cribs and Cradles Family Child Care LLC
CSI Franklin Park Villa Co-op
Deliverance Shiloh Apostolic Church
Dorchester Bay EDC
Economic Mobility Pathways
East Boston High School
East Boston Social Centers
Fenway CDC
Gardner Pilot Academy
Gallivan Community Center
Gilbert Albert Community Center*
Grove Hall Child Development Center
G3 Consulting Group*
Haitian Multi-Service Center
Hebrew SeniorLife
Hyde Park Community Center
ICNA Relief New England
Immigrant Family Services Institute
JVS Boston
John F. Kennedy Family Service Center
Julie's Family Learning Program
Keystone Apartments
Leahy Holloran Community Center
Lenox Camden Computer Learning Center
MACIR, Inc
Madison Park Development Corporation
Maverick Landing Community Services
Mattahunt Elementary School
Mildred Ave K-8 School
Mbadika
Mujeres Unidas Avanzando
Mount Olives Community Center
New England Culinary Arts Training*
Biwo Edikasyon Plizyè Lang ak Kilti (Office of Multilingual and Multicultural Education*)
Orchard Gardens K-8 School
Perry K-8 School
Project Place
Quincy Elementary School
Rafael Hernandez K-8 School
Rian Immigrant Center
Salvation Army Kroc Center
St. Francis House
Steadfast Solutions*
TGH Hub*
Taylor Elementary School
Tenants' Development Corporation
Tierney Learning Center
United Way, Shared Services MA*
Urban Edge Housing Corp.
Veronica Smith Senior Center
Vine Street Community Center
Village Of Joy
West Roxbury
Women's Lunch Place
WORK Inc.
YMCA, International Learning Center
YouthBuild Boston

Brockton

Boston Missionary Baptist Community Center
Boston Senior Home Care*
Boys & Girls Clubs of Metro South
Building Our Lives Together As One
Catholic Charities, English Transcultural Center
TGH Hub*

Cambridge

Cambridge Community Learning Center
Administrasyon Lojman Cambridge
Juanita Saunders Computer Learning Center
Just-A-Start
Margaret Fuller Neighborhood House
Steadfast Solutions*

Chelsea

Vil Chelsea, Lwazi ak Zafè Kiltirèl
La Colaborativa
North Suffolk Community Services, Inc
Nuestra CDC
OppCo
Roca Chelsea

Everett

Sèvis Sipò & Devlopman CSI
Lekòl Piblik Everett, Elèv k Ap Aprann Anglè*

Gloucester

Wellspring House, Inc.

Haverhill

G3 Consulting Group*
MakeIT Haverhill

Holyoke

A Tribe Called Black
Fakiltè Kominotè Holyoke
Wild Ivy

Lawrence

Lawrence CommunityWorks
Pwogram STAR, Lawrence Essex
County Sheriffs Department (Depat
Sèjan Konte Lawrence Essex)
TCB Heritage Commons

Leominster

South Sudanese Enrichment for
Families*

Lowell

Lowell Community Justice Support
Center

Lynn

Catholic Charities Lynn
Vil Lynn, Konsèy pou Moun ki Aje yo
Roca Lynn
Pwogram STAR, Lawrence Essex
County Sheriffs Department (Depat
Sèjan Konte Lawrence Essex)
The Latino Support Network Inc

Malden

ABCD Mystic Valley Opportunity
Center
Lekòl Piblik Everett, Elèv k Ap
Aprann Anglè*
Mystic Valley YMCA

Medford

BEST Hospitality Training*
Boston Central Adult High School
Lekòl Piblik Medford, Depatman
Edikasyon Elèv k Ap Aprann Anglè

Methuen

TCB Nevins Manor

New Bedford

Boys and Girls Club - New Bedford

*di yon patnè ap òganize kou nan
plizyè biwo

Quincy

Vil Quincy
Ministè Metwopoliten Kolektif
Literacy Volunteers of MA - Quincy
SEIU1199

Revere

CSI Friendly Garden Co-op
Lekòl Kominote Revere
Women Encouraging
Empowerment, Inc.

Salem

Boston Senior Home Care*
Kominote Caritas yo
Lekòl Piblik Salem

Springfield

Dress for Success
Wayfinders

Wakefield

South Sudanese Enrichment for
Families*

Waltham

Healthy Waltham
WATCH CDC

Woburn

MassHire Metro North Career
Centers

Worcester

Abdelgadir Education Foundation
Cooperation
Asosyasyon Massachusetts pou
Avèg ak Moun Ki pa Wè Byen



Enpak Nou



"Mwen vin gen plis chans pou jwenn travay, epi m vin genyen plis konfyans."

-Joshua

81%

diplome yo te resevwa yon nouvo travay oswa yon pi bon travay, te gen yon ogmantasyon salè, te antre nan yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon travay, oswa te kòmanse yon biznis



80%

responsab swen yo rapòte yo plis patisipe nan edikasyon pitit yo kòm rezilta kou TGH yo



"Mwen pral kapab ede timoun yo ak devwa lekòl yo bay, epi mwen pa santi yo pè fè aplikasyon ak teknoloji an."

-Rebecca

73%

diplome yo te ogmante konpetans yo te genyen nan kou TGH yo pou jwenn aksè nan resous sante ak byennèt



"Patisipe nan kou sa a pèmèt mwen jere òdinatè a pi byen epi jwenn aksè ak enfòmasyon epi resous ki gen rapò ak sante mwen ak byennèt mwen."

-Daniella

75%

diplome yo te itilize nouvo aparèy yo ak konpetans dijital yo pou jwenn aksè nan resous piblik yo



"Tendré un mejor acceso al mundo gracias a mi nueva computadora."

- Vivian

Translation: Mwen pral genyen yon pi bon aksè ak lemonn gras ak nouvo òdinatè mwen an.

Apèsi sou Enstriktè an: Doktè Jose Henrique Moreno



Antanke yon Enstriktè nan Gilbert Albert Community Center nan Dorchester, Doktè Jose Henrique Moreno genyen plis pase 25 ane eksperyans antanke yon ekonomis, kowòdonatè edikasyon, ak pwofesè pou sèvi kominote li a. Henrique te anseye premye kou li nan Tech Goes Home nan lane 2020 epi, depi lè sa a, plis pase 150 moun te gradye nan kou li yo!

Henrique rekonèt koneksyon ki genyen ant konesans sou finans ak alfabetizasyon dijital. Li te adapte kou li yo ak bezwen espesifik granmoun k ap aprann li yo pou yo gen zouti ak konfyans yo amelyore byennèt finansye yo pandan l ap itilize mond dijital la.

Lè Henrique anseye alfabetizasyon dijital, li mete aksan sou konsèp "alfabetizasyon fonksyonèl," sa moun ka fè ak konpetans dijital yo nan lavi reyèl. Pou li menm ak diplome li yo, sa vle di kapasite pou angaje yo san danje nan mond dijital la epi navige nan yon lavi ki vin pi rich nan kesyon teknoloji.

"Mwen panse vini ansanm ak konesans sa se yon zouti pou pèmèt moun ak kominote yo vin responsab. Nou ta dwe ankouraje egalite dijital ak enklizyon dijital nan anbrase youn ak lòt epi avanse ansanm pou pote yon mond ki pi ekitab kote pèsonn pa rete dèyè," se sa Henrique te di.

Apèsi Diplome: Dominique Bellegarde



*"Pwogram lan gide mwen pou
kòmanse ak biznis pa mwen epi
ede mwen sòti nan zòn konfò
mwen an."*

Dominique Bellegarde se yon Konseye nan Kesyon Bay Tete ki Sètifye epi pwopriyetè D. Legacy Pace Setters, ki travay pou nourir, edike, ak ankouraje fanmi yo ni avan ak aprè nesans.

Kou TGH Dominique te diplome nan, ki te fèt nan Codman Square Neighborhood Development Corporation, ki chita sou sipòte pwopriyetè ti biznis ak antreprenè. Kou TGH sou Ti Biznis yo kouvri sijè tankou fè yon sit entènèt pou biznis lan, swiv depans sou entènèt, ak aksepte pèman anliy.

Detèmine pou plante semans ankourajman ak otonòm nan sipò nesans ak aprè akouchman, Dominique te enskri pou aprann sou zouti pou ede li vann biznis li a bay plis fanmi nan Boston. Nan kou li an, li te elaji konpetans li gen sou biznis anliy li genyen yo ak te vin gen konfyans pou fè pwomosyon travay li sou entènèt, epi kounye a kontinye sèvi kominote a pi byen.

Apèsi Sou Patnè:

East Boston Social Centers



East Boston Social Centers ofri pwogram plizyè jenerasyon pou timoun, granmoun ak granmoun aje nan East Boston, yon kote pou evolye, aprann ak konekte. Depi premye kou TGH pou granmoun te ofri nan lane 2022, epitou yo te elaji East Boston Social Centers pou ofri pwogram TGH Early Childhood lan.

Pwogram plizyè jenerasyon sa yo angaje elèv yo ak moun k ap bay swen yo ansanm pou yo aprann konpetans dijital an ekip. Kou yo konsantre sou konpetans lavi dijital tankou aksè nan resous alfabetizasyon ak STEAM, jwenn resous edikatif ak pwogram akademik, kominike ak pwofesè yo ak navige sou sitwèb lekòl yo. Parent Partners yo anseye kou TGH nan East Boston Social Centers, paran yo ki resevwa fòmasyon pou anseye lòt paran, pou asire lyen kominotè solid ak dirab.

Apèsi Sou Patnè: Project Place



*"Mwen panse lavi mwen
pral amelyore anpil poutèt
konpetans mwen te aprann
yo epi kounye a mwen ka
aplike nan lavi chak jou
mwen ak travay nan lavni."*

*-Diplome Project
Place TGH*



Project Place sipòte moun ki se sanzabri ak moun ki nan povrete pandan l ap bay konpetans, edikasyon ak resous ki nesesè pou jwenn ak soutni travay ak lojman. Project Place bay pwogram jesyon ka ak devlopman karyè pou sipòte reyisit alontèm manm kominote yo. Kou Work Ready yo fè patenarya ak TGH pou konbat eka dijital la. Elèv k ap aprann nan Work Ready yo gen konpetans pou chèche travay ak preparasyon pou karyè, tankou fè yon rezime ak yon lèt kouvèti, chèche travay anliy, epi voye imèl pwofesyonèl.

Pandan senk (5) dènye ane sa yo, Project Place te diplome plis pase 550 moun k ap aprann nan TGH!

Sansibilizasyon

Nou kwè pou nou kapab avanse sou egalite dijital dirab, enklizif, nou dwe abòde inegalite ki nan rasin eka dijital la atravè defans nan nivo lokal, eta ak federal. Nou kontinye ogmante travay sansibilizasyon nou an nan bati relasyon ak lidè kominote yo epi ankouraje kolaborasyon pou gen bonjan chanjman.

Liv Blan sou Teyori Chanjman

Pwogram efikas nan kominote a se kle pou redui dijital la. Se poutèt sa nou te deside idantifye ak ogmante estrateji entegrasyon pou evalye enpak pwogram sa yo ak echèl travay egalite dijital yo. An kolaborasyon ak Doktè Colin Rhinesmith ak Malana Krongelb nan Sant Rechèch Egalite Dijital nan Konsèy Bibliyotèk Metwopoliten New York – epi ak sipò Patrick J. McGovern Foundation – nou devlope yon plan pou ede gide òganizasyon, minisipalite yo, ak moun k ap fè politik yo konsantre sou amelyore ekite dijital pou kominote nou yo.




Konvèsasyon Kominotè ansanm ak Majistra Wu

Nan sezon otòn lan, Majistra Michelle Wu te rejwenn elèv k ap aprann TGH ak diplome nan Maverick Landing Community Services nan East Boston pou yon konvèsasyon espesyal sou enpak aksè dijital gen sou lavi elèv, travayè, ak fanmi nan kominote a.

Temwanyaj

Marvin Venay, Responsab Sansibilizasyon nan Tech Goes Home, te pale nan Komite Konsèy Vil Boston sou Sèvis Vil ak Teknoloji Inovasyon, epi li te mande pi gwo investisman nan amelyorasyon alontèm nan enfrastrikti dijital.

Ete sa a, Direktè Sansibilizasyon Rejyonal TGH Marwa Alnaal te temwaye devan Komite Konjwen Lejislati Massachusetts sou Teknoloji Enfòmasyon Avanse, Entènèt, ak Sibèsekirite. Marwa te defann pwolonjman aksè band nan lojman piblik Massachusetts, mete aksan sou koneksyon enpòtan ant aksè entènèt ki fyab ak sante piblik.



Finansman ACP



Apati sezon otòn pase a epi kontinye jiska jounen jodi a, TGH ap kolabore ansanm ak Delegasyon Kongrè Massachusetts la pou ankouraje yo travay ak kòlèg yo pou jwenn yon solisyon finansman dirab pou otorize Pwogram Koneksyon Abòdab (Affordable Connectivity Program, ACP) pandan epòk pandemi an. Aktyèlman prèske yon tyè nan fanmi ki elijib Massachusetts yo enskri nan ACP a, ki ede konplete depans abònman entènèt. Pandan ke ACP a te itilize antanke yon zouti kle nan fèmèn eka dijital la, aktyèlman li gen risk pou pa gen fon - kreye yon bagay ki rele baryè dijital pou plizyè milyon Ameriken.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou jefò Sansibilizasyon nou an vizite sit entènèt nou an: techgoeshome.org/advocacy

Tech Goes Home kontn anpil paske li se yon vwa ki parèt an premye nan domèn egalite dijital la epi nou rekonesan paske li fè patenarya ak lòt lidè panse pou ogmante enpòtans travay sa a. Pandan tout ane a, nou te pataje istwa ak travay nou yo rekonèt atravè plizyè kalite nouvèl tankou:



Kwonik Fondasyon Filantwòp

Jen 2023

Atenn Egalite Dijital Obligatwa Pou Pi Gwo Entegrasyon nan T|eknoloji nan Tout Sèvis San Bi Likratif. "Esklizyon dijital pa egziste nan yon espas vid. Pou moun ak fanmi ki pa gen aksè dijital, li vin pi difisil pou yo reyisi oswa ale lekòl, jere oswa amelyore sante, reyalize mobilite ekonomik, ak plis toujou."



The Boston Globe

Mas 2023

Telesante se yon reyalite. Pou tout bon. Kounye a kijan pou itilize li nan tout entegralite li? "Telesante amelyore swen pou pasyan Massachusetts epi li efikas anpil, espesyalman pou kontinwite swen kwonik konplèks. Li ra pou yon zouti swen sante ki gen yon valè konsa lanse nan yon fason ekstraòdinè konsa. Moun ki peye yo ta dwe rekonèt li antanke yon fason enpòtan pou swen pasyan epi ranbouse founisè yo kòm sadwa."





Commonwealth Beacon

Mas 2023

Aksè dijital lan rete yon difikilte. "Kolaborasyon ki reyisi ant lidè gouvènman yo, sektè prive a, ak òganizasyon san pwofi yo ka transfòme lavi rezidan yo ki ekskli nan mond dijital la ak amelyore entegrasyon dijital pou jenerasyon k ap vini yo."


Pou yon apèsi konplè sou atik ak nouvèl ki prezante Tech Goes Home, vizite sit entènèt nou an sou techgoeshome.org/newsroom.




Finansman

Gras ak investisman konsiderab nan sektè piblik ak prive, TGH te kapab rive jwenn yon kantite rekò nan kominote ak pwogram entegrasyon dijital ane sa a. Enfòmasyon finansye sa yo reprezante sipò gouvènman an ak filantwopik ki te anonse nan lane 2023 pou avanse misyon nou pou fèmen eka dijital la.


Filantwopi/Revni Ane Fiskal 2023 an



Depans Ane Fiskal 2023



Filantwopi/Revni & Konparezon Depans



	REVNI	DEPANS
2020	\$3,300,308	\$2,195,145
2021	\$3,948,909	\$3,093,506
2022	\$6,625,373	\$4,562,278
2023	\$9,398,113	\$7,425,602

Remak: Revni total ki gen revni yo te kolekte nan tout sous, tankou lajan ki gen restriksyon yo dwe itilize pou rezon espesifik ak angajman multi-ane ak finansman yo dwe lage nan ane ki vin apre yo.

Rezilta ak Enpak TGH menm ak bezwen pou ogmante aksè dijital nan kominote atravè eta a, Massachusetts Broadband Institute (MBI) te bay TGH \$4.5M nan finansman istorik. Envestisman sa a pral pèmèt TGH bay priyorite ak pwolonjman nan 13 Vil Gateway atravè Commonwealth la, epi li souliyen pouvwa patenarya piblik-prive nan abòde pwoblèm sistemik nan rasin eka dijital la.

Patnè Nou Yo



\$500 000 ak plis

Beth Israel Deaconess Medical Center

Fondasyon Cummings*

Fondasyon New England Patriots

Fondasyon Devonshire

\$250 000 - \$499 999

Capital One*

Comcast*

Fondasyon Kominotè Konte Essex



\$150 000 - \$249 999

Fondasyon Byenfzans Cambridge Savings

Liberty Mutual Foundation*

Fondasyon Patrick J. McGovern

100 000\$ - 149 999\$

NETSCOUT

Fondasyon QBE

SharkNinja

\$50 000 - \$99 999

Fondasyon CVS Health

Fondasyon PNC

\$25 000 - \$49 999

Fondasyon Byenfezans Alexion

Fondasyon Byenfezans Bank of America*

Dave Swindell and Gail Goodman*

Harvest

Verizon*

Finansman 'Quin Impact

\$10 000 - \$24 999

Anne and Roger Berman*

Champions of Love

Colin Cabral

Google*

Highland Street Foundation

Life Science Cares*

Massachusetts Charitable Society

Plymouth Rock Assurance Foundation

Bank Santander

\$1 000 - \$9 999

Adam Goff*

Bank Brookline

Bruce Glabe*

Fondasyon Kominotè Cambridge*

Chadwick Martin Bailey, Inc.

Dan Ross*

Dominic Lloyd*

Fondasyon Eastern Bank

Fondasyon Byenfezans Edith C. Crocker

Elizabeth Schwab*

Fondasyon Fish Family*

George Llado Sr.

Joe Heddal ak Jane Wojick*

Joel Jacobs

Karyn Wilson ak Miles Byrne*

Lee H. Schwamm, MD

Louie Balasny*

Maria Harris*

Paul ak Kitty Gerry

Pedro Lopez-Baldrich

The Parker Family*

Rev. John H. Finley IV

Fondasyon TJX

Revni yo Touche

Alyans pou Egalite Dijital

Harvard University

JVS Boston

Konsèy Administrasyon Louisiana

Inivèsite Northeastern

Gouvènman Donatè

Vil Boston

Commonwealth Massachusetts

Massachusetts Broadband Institute

Alyans Sèvis Massachusetts

*Nou di yon mès espesyal pou donatè nou yo ki te bay sipò pou plis pase 5 lane youn aprè lòt

Apèsi Envestisè: Fondasyon Devonshire



Fondasyon Devonshire pran angajman pou li kreye enpak ki konkrè ak dirab pandan l ap sipòte pwogram ki pare pou kwasans yo epi li gen anpil respè nan kominote a pou sibvansyon pou ranfòse kapasite katalitik li yo ki ede transfòme òganizasyon san bi likratif yo nan yon pwochen nivo enpak.

TGH kontan anpil paske li te resevwa sipò Fondasyon Devonshire pou ede nou kreye kapasite nou pou pozisyon nou pou kwasans ak dirab. Kado pou plizyè ane yo - pi gwo don fondasyon nan istwa TGH a - bay finansman pou elaji anplwaye devlopman nou an pou ogmante lajan pou ranmase lajan ak revni ou touche. Finansman pou ranfòse kapasite sa a ede fè pwogram nou an aksesib epi dirab pou plizyè milye lòt elèv atravè Massachusetts. Kolaborasyon se yon eleman enpòtan nan sibvansyon fondasyon an epi tout kominote TGH a rekonesan anvè The Devonshire Foundation pou patenarya yo ak konfyans yo nan nou pandan n ap avanse egalite dijital.

Kate Grundy, Direktè Jeneral Fondasyon Devonshire te pataje “Sipò nou an reflekte angajman Fondasyon Devonshire a genyen anvè òganizasyon k ap fè yon enpak sou yon pwoblèm sosyal sistemik. Tech Goes Home te etabli yon modèl reyisi epi li vin yon lidè pou abòde diferans egalite dijital la. Bay finansman pou ogmante kapasite òganizasyon Tech Goes Home pral sipòte kwasans alontèm yo, epi ede kreye rezilta ki pi solid pou fanmi ak kominote y ap sèvi yo.

Apèsi Donatè Endividyèl: Dave Swindell



Antanke yon lidè nan kominote teknoloji Boston an, Dave Swindell konprann aksè teknoloji ak koneksyon entènèt enpòtan. Lè Dave te kòmanse pran yon poz nan karyè li nan devlopman lojisyèl, li te vle jwenn yon fason pou rete patisipe nan kominote Greater Boston, epi konsa li te vin yon volontè TGH. Epitou aprè yon ti tan li te vin yon donatè TGH. Angajman ki la lontan li gen ak TGH te enspire gras ak yon eksperyans volontè bonè, k ap travay ak yon fanm ki aje ki sòti Ghana pandan

li te itilize nouvo konpetans dijital li yo pou navige Google Earth. "Li te gen dlo nan je li pandan li te fè eksperyans yon lyen vizyèl ak fanmi li pou premye fwa nan plizyè deseni. Ak je pa mwen m te wè premye men kijan teknoloji entènèt ka touche yon moun nan yon nivo pèsònèl konsa," Dave te di. Sipò pèmanan Dave a soti nan yon kwayans nan fòs modèl pwogram TGH la.

Li konprann enpòtans pwogram kominotè, ki adapte a bezwen elèv k ap aprann yo. Nou rekonesan anpil pou sipòtè tankou Dave, ki toujou kontinye gen jenerozite, epi ki pèmèt nou elaji enpak travay entegrasyon dijital nou an.



"...Ak je pa mwen m te wè premye men kijan teknoloji entènèt ka touche yon moun nan yon nivo pèsònèl konsa."

Estaf

Alexandra Trunnell
Responsab Pedagojik,
Pwogram Etid

Alexis "Lex" Mouton
Asistan Direksyon

Caitlin Schubert
Responsab
Sansibilizasyon

Chantae Turner
Jeneralis Resous Imèn

Dahlia Bousaid Cox
Vis Prezidan ak
Responsab Operasyon

Daniel Noyes
Direktè Jeneral

Darcy O'Connor
Responsab An Chèf,
Fondasyon & Relasyon
Sibvansyon Piblik

Dina Ferranti, Ph.D.
Direktè Evalyasyon

Jaslin Tifiano
Espesyalis Sipò
Planifikasyon Resous
Antrepriz

Jay Letourneau
Direktè An Chèf Aprantisaj
ak Devlopman

Jerome Daye
Responsab Patenarya

Kiara Lum
Direktè Revni ki Touche

Lily Abha Cratsley
Kowodonatè An Chèf
Patenarya

Lois Contreras Gutierrez
Responsab An Chèf
Patenarya

Madison Martin

Responsab Relasyon
Sibvansyon

Mariette Ayala, Ph.D.
Direktè Pwogram Etid &
Enstriksyon

Marvin Venay
**Responsab Afè Ekstèn
ak Sansibilizasyon**

Marwa Alnaal
Direktè Afè Ekstèn ak
Sansibilizasyon

Mei Ngo
Kreyatè Pedagojik,
Enstriktè

Mia Crabbe
Direktè Resous Imèn

Natalie Petit
Responsab Fonksyonman
Pwogram lan

Peter Poon Kwong
Responsab Maketin Dijital

Richard Feistman, Ph.D.
Chèf Aprantisaj &
Evalyasyon

Stephanie Cohen
Kowodonatè Relasyon

Victoria Batchelor
Asosye Sansibilizasyon

Zaria Christopher
Responsab Don Endividyèl

Konsèy Direktè

Joe Heddal, Chair
Ansyen Direktè Adjwen ak
Enstriktè Klinik, Harvard Law
School - Transactional Law Clinics

George Llado, Vice Chair
Ansyen SVP & CIO, Alexion
Pharmaceuticals

Bruce Glabe, Treasurer
Ansyen Direktè Finans,
Appalachian Mountain Club

Anne Bailey Berman
Prezidan, Chadwick Martin Bailey

Colin Cabral
Patnè, Proskauer Rose LLP
Prince Charles
Kowodonatè Sant Aprantisaj
Enfòmàtik, Codman Square NDC

Monica Dean
Direktè Lojman, LISC NY

Adam Goff
Vis Prezidan Vant, Box

Maria Harris
Ansyen Direktè Edikasyon pou
Granmoun, Boston Public Schools

Antonio Lobo
Direktè Devlopman Travayè,
Catholic Charities

Pedro J. Lopez-Baldrich
Direktè Jiridik, EVP, SharkNinja

Daniel Noyes
**Prezidan ak CEO, Tech Goes
Home**

Daisy Ortega
Responsab An Chèf Fòmasyon
ak Ranfösman Kapasite, Health
Resources in Action

Elizabeth Schwab
Chèf Afè Ekstèn pou New
England & Mid-Atlantic, Google

Lee Schwamm
Dwayne Asosye pou Estrateji ak
Transfòmasyon, Yale School of
Medicine

Vis Prezidan Senyò & Direktè
Sante Digital, Yale New Haven
Health System

Tech Goes Home rekonesan anvé kominote k ap sipòte nou yo nan tout nivo ki rann travay nou an posib. Nou kontan pou nou rekonèt donatè prensipal sa yo:



CITY of BOSTON



131 Dartmouth Street, 3rd
Floor, Boston, MA 02116
(617) 398-7831
techgoeshome.org

[W @techgoeshome](http://www.techgoeshome.org)
[f fb.com/techgoeshome](https://www.facebook.com/techgoeshome)
[f flickr.com/techgoeshome](https://www.flickr.com/photos/techgoeshome)

[in linkedin.com/company/tech-goes-home](https://www.linkedin.com/company/tech-goes-home)
[i @techgoeshome](https://www.instagram.com/techgoeshome)
[y youtube.com/user/techgoeshome](https://www.youtube.com/user/techgoeshome)